

2023



SERI ENFÒMASYON POU PARAN YO
Sèvis Edikasyon Espesyal nan Maryland:

Planifikasyon sou Tranzisyon Segondè

Edikasyon Espesyal
Pwosesis

Dwa Parantal

Konprann IEP a

Tranzisyon
Segondè



ENTRODIKSYON

Yon Gid Familyal pou Tranzisyon Segondè fè pati Seri Enfòmasyon pou 21 Paran Marylad yo (Maryland Birth to 21 Parent Information Series), yon koleksyon piblikasyon ki fèt pou sipòte fanmi yo nan tout eta a nan pwosesis edikasyon espesyal ak sistèm sèvis nan Maryland lan. Gid sa a bay enfòmasyon preliminè sou kondisyon pou pwosesis tranzisyon segondè a dapre Lwa Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) ansanm ak estrateji ak resous yo rekòmande pou abouti a yon rezulta pozitif.



TAB MATYÈ

Paj 4

Planifikasyon sou Tranzisyon Segondè

Paj 5

Angajman Paran ak Elèv

Paj 7

Etap Tranzisyon Segondè yo

Paj 16

10 Bagay ki pi Enpòtan

Paj 22

E si Mwen Gen Kèk Kesyon oswa Mwen Bezwèn Èd?

Pou plis enfòmasyon, vizite nou nan
www.marylandpublicschools.org



Byenvini nan Planifikasyon sou Tranzisyon Segondè nan Maryland

Kisa Planifikasyon sou Tranzisyon Segondè a ye?

Tranzisyon Segondè se yon pwosesis kontinyèl pou prepare elèv ki gen andikap yo pou lavi apre lekòl segondè. Pwosesis sa a kòmanse byen bonè nan lavi yon timoun lè yo fèk ap aprann sou anviwònman yo, sa yo renmen, sa yo pa renmen, ak enterè yo. Li kontinye pandan tout ane lekòl yo pandan elèv yo ap patisipe nan plizyè eksperyans pou sipòt devlopman yon vizyon pou lavni epi prepare pou tranzisyon nan lavi adilt. Planifikasyon tranzisyon segondè se yon efò an kolaborasyon ki enplike elèv yo, fanmi yo, anplwaye lekòl yo ak lòt manm kominate enpòtan yo.

Elèv ki gen andikap ki resevwa sèvis edikasyon espesyal yo gen dwa dapre lwa federal ak lwa eta a pou yo resevwa sèvis tranzisyon apwopriye ki sipòt pasaj yo soti nan lekòl segondè pou ale nan lavi adilt. Nan Maryland, planifikasyon fòmèl tranzisyon segondè a kòmanse atravè pwosesis IEP a nan laj 14 an, oswa pi bonè si sa apwopriye. Maryland te ale pi lwen pase egzijans federal la ki mande pou kòmanse planifikasyon tranzisyon fòmèl a laj 16 an. Maryland mande pou planifikasyon tranzisyon an kòmanse a laj 14 an, sa ki pèmèt elèv yo gen tan pou yo eksplore chwa sou objektif apre lekòl segondè yo epi chanje yo dapre eksperyans yo fè nan tranzisyon yo.



Sa Lalwa Di

Kisa ki IDEA a?

Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) se yon lwa federal ki garanti sèvis pou timoun ki gen andikap yo nan tout nasyon an. IDEA a defini sèvis tranzisyon yo kòm yon "seri aktivite ki kowòdone" pou yon timoun ki ankouraje pasaj de aktivite lekòl pou ale nan aktivite apre lekòl yo. Sèvis sa yo fèt pou prepare elèv ki gen laj pou tranzisyon yo pou travay apre lekòl segondè, edikasyon oswa fòmasyon, ak lavi endependan. Aktivite sa yo baze sou enterè, preferans, fòs ak bezwen elèv la.




Angajman Paran ak Elèv

Ki Wòl Paran an nan Planifikasyon Tranzisyon Segondè?

Paran yo jwe yon wòl enpòtan nan planifikasyon pou tranzisyon segondè pitit yo. Yo bay ekip IEP a enfòmasyon ki enpòtan pou devlopman yon plan tranzisyon ki efikas e ki gen sans. Paran yo kapab otorize ak gide timoun ki gen laj pou tranzisyon yo pou yo pran yon wòl aktif nan pwosesis planifikasyon tranzisyon an, devlope konpetans sou detèminasyon pèsonèl, epi pran avni yo an men. Avèk sipò paran ak edikatè yo, elèv yo eksplorè enterè yo epi devlope konpetans ak endependans ki nesesè pou atenn objektif yo genyen apre lekòl yo. Li enpòtan pou paran yo kòmanse pwosesis la rapid epi asire yo koute opinyon elèv la.

Antanke paran oswa gadyen, ou ka ede pitit ou lè w:

- Patisipe nan reyinyon IEP ak ekip tranzisyon yo;
- Pataje fòs yo, enterè yo, ak bezwen sipò yo;
- Defann objektif ak sèvis yo;
- Kenbe gwo atant;
- Bay opòtinite pou pratike konpetans pou yo defann tèt yo;
- Ankouraje yo eksplorè opsyon apre lekòl tankou kolèj, travay, ak sèvis pou granmoun;
- Fasilite aksè a òganis pou tranzisyon kominotè yo; epi
- Revize delè tranzisyon segondè a epi mande sipò jan sa nesesè.



Defans Pèsonèl

Defans pèsonèl se kapasite pou fè chwa, rezoud pwoblèm, fikse objektif, evalye opsyon, epi pale pou dwa w. Se konsènan konpreyansyon pitit ou a sou andikap li, fòs li, bezwen li yo, ak sipò ak akomodasyon ki pi bon pou li. Yo dwe anseye elèv yo eleman defans pèsonèl sa yo epi bay yo opòtinite ak sipò pou yo pratike konpetans sou defans pèsonèl yo pandan y ap tranzisyone soti nan lekòl segondè pou ale nan lavi adilt.



Ki Wòl Elèv la nan Planifikasyon Tranzisyon Segondè?

Elèv la nan sant pwosesis planifikasyon tranzisyon an epi li se manm ki pi enpòtan nan ekip IEP a. Se objektif yo ak aspirasyon yo ki pral motè plan tranzisyon an ak elèv la ki sou volan an. Lè elèv yo patisce aktivman nan planifikasyon avni yo, yo gen plis chans pou yo angaje yo pou fè plan yo mache.

Wòl elèv la gen ladan l:

- Patisce nan pwosesis planifikasyon tranzisyon an;
- Patisce nan reyinyon IEP yo;
- Pataje objektif yo pou moman ak alavni;
- Idantifye fòs ak defi yo;
- Kominike enterè yo ak preferans yo;
- Idantifye objektif apre lekòl segondè ki mache ak enterè yo, epi ak konpetans yo;
- Kreye yon dosye;
- Patisce nan aktivite tranzisyon yo idantifye nan IEP a;
- Devlope yon konpreyansyon sou andikap yo a, ki gen ladan fason li afekte aprantisaj, lavi, ak travay; epi
- Patisce nan eksperyans travay.



Endikatè ki Predi Siksè Apre Lekòl la
Gen yon lyen solid ant patisipasyon elèv la nan eksperyans travay nan lekòl segondè ak siksè apre gradyasyon. Ekip lekòl yo ak fanmi yo ki kolabore pou fè rezo ak vwazén yo, zanmi yo ak biznis lokal yo elají opòtinite kominotè yo epi redwi diferans lan.



Etap Tranzisyon Segondè yo

Ki Vizyon Elèv la pou lavni?

Objektif planifikasyon Tranzisyon Segondè a se ede elèv yo idantifye objektif yo apre lekòl segondè. Yo pral planifye yon pwogram etid, sèvis, ak aktivite ki pral debouche sou opòtinite pou fè eksperyans yon tranzisyon reyisi de lavi lekòl la pou ale nan lavi adilt. Pou fè sa, ekip IEP a dwe kòmanse ak fen an nan tèt li epi sipòte elèv la pou li kreye yon vizyon pou avni li. Li difisil pafwa pou elèv yo, sitou nan kòmansman pwosesis tranzisyon segondè a, pou yo gen yon vizyon sou ak kisa lavi a pral sanble apre lekòl segondè a. Konvèsasyon ak elèv yo lakay yo ak nan lekòl yo ka ede jèn yo eksplore kiyès yo ye, sa yo renmen ak sa yo pa renmen, epi devlope objektif pèsònèl pou lavni.

Evalyasyon pou Tranzisyon yo

Evalyasyon tranzisyon ki awopriye pou laj yo se fondasyon pwosesis tranzisyon segondè a epi ede elèv la aprann de tèt li, sou enterè yo, preferans yo ak objektif yo. Evalyasyon fòmèl ak enfòmèl ki soti nan plizyè anviwònman ak sous yo, tankou fanmi an ak kominate a, sèvi pou idantifye objektif ki ka evalye apre segondè yo. Rezulta evalyasyon yo bay elèv la, paran yo ak lòt manm ekip IEP a enfòmasyon sou fason elèv la ap fonksyone kounye a, ak konpetans ak sèvis ki nesesè pou yo attèn objektif yo. Yo itilize done yo pou devlope yon IEP konplè ak yon plan tranzisyon ki gen sans pou sipòte elèv yo nan reyalize objektif yo apre lekòl segondè a.

Kouman yo dokimante Evalyasyon Tranzisyon yo nan IEP a?

Yo dokimante rezulta evalyasyon tranzisyon segondè yo nan seksyon Nivo Akonplisman Akademik Aktyèl ak Pèfòmans Fonksyonèl (PLAAFP) nan IEP a. Enfòmasyon yo aprann nan evalyasyon tranzisyon yo ka ede nan devlopman kontinyèl IEP elèv la, ki gen ladan objektif apre lekòl segondè yo, aktivite tranzisyon yo, sèvis yo, objektif anyèl IEP yo, ak lyen ak ajans yo, ansanm ak pwochen etap yo nan pwosesis planifikasyon tranzisyon an. Rezulta evalyasyon yo bay elèv la, fanmi an, ak ekip IEP a konsèy ak opsyon.



Objektif apre Segondè yo

Objektif apre lekòl segondè yo se objektif mezirab ki idantifye vizyon elèv la sou sa yo pral fè apre lekòl segondè nan domèn Travay segondè, Edikasyon oswa Fòmasyon, epi si sa apwopriye, Lavi Endepandan. Ekip IEP yo diskite sou objektif apre lekòl segondè yo ak elèv la ak fanmi li omwen chak ane nan reyinyon IEP anyèl la. IDEA egzije objektif travay apre segondè ki mezirab.





Pwogram Etid

Yon pwogram etid gen ladan I tout klas ak eksperyans kominotè elèv la pral konplete pou atenn objektif apre segondè li. Objektif apre lekòl segondè yo ta dwe pran an konsiderasyon kote elèv la vle travay, aprann, ak viv apre gradyasyon. Li enpòtan pou tout moun k ap travay ak elèv la, ede nan idantifikasiyon yon pwogram etid ki aliye ak objektif apre lekòl segondè li a. Ekip la ta dwe asire patisipasyon nan kou yo ak eksperyans ki sipòte pwogrè nan kad objektif elèv la. Koneksyon ant objektif apre lekòl segondè elèv la ak pwogram etid la ta dwe klè.



Yon pwogram etid se yon seri kou endividyalize, eksperyans, ak kourikoulòm ki fèt pou devlope siksè akademik ak fonksyonèl elèv la pou sipòte objektif apre lekòl yo.

Aktivite Tranzisyon yo

Aktivite tranzisyon segondè yo fèt pou amelyore konpetans akademik ak fonksyonèl elèv la pou ede yo akonpli objektif apre lekòl yo. Aktivite sa yo fèt espesyalman pou elèv la dapre fòs yo, preferans yo, enterè yo ak bezwen yo. Yo ka mete ansèyman, sèvis asosye, eksperyans kominotè yo, devlopman pou travay ak devlopman konpetans pou lavi endependan. Devlopman byen reflechi ak aplikasyon aktivite tranzisyon yo kreye etap ke elèv la pral pran depi nan fikse pou rive nan atenn objektif yo.

Karyè ak Edikasyon Pwofesyonèl (CTE) nan avantaj tout moun, men CTE a espesyalman ede elèv ki gen andikap yo. Done yo endike elèv ki gen andikap ki enskri nan klas CTE yo, gen plis chans pou yo gradye epi atenn objektif konpetans eta a. Elèv ki gen andikap ki enskri nan pwogram CTE yo gen yon to gradyasyon ki pi elve pase elèv ki gen andikap ki pa enskri nan pwogram CTE yo.

Objektif Anyèl IEP yo

Yo devlope epi ekri objektif anyèl IEP yo pou ede elèv la devlope konesans, konpetans, ak/oswa konpòtman ki nesesè pou atenn objektif yo apre lekòl segondè. Objektif anyèl IEP yo ak aktivite tranzisyon yo travay ansanm pou kreye yon IEP ki santré sou elèv ki abouti nan akonplisman objektif apre lekòl segondè ki enpòtan.

Laj Majorite

Laj Majorite a se laj legal kote yo konsidere yon moun kòm yon adilt ak tout dwa ak responsablite yon adilt genyen. Laj majorite nan Maryland se laj 18 an. Omwen yon lane anvan yo rive nan laj 18 an, IDEA mande pou ekip IEP a enfòme elèv la sou transfè dwa li yo. Si elèv la pa pare pou pran responsablite pou tout desizyon li yo a laj 18 an, gen lòt opsyon, tankou asistans pou pran desizyon, yo ka eksplore. Nan Maryland, edikasyon espesyal pou pran desizyon an pa transfere bay yon elèv ki gen yon andikap ki nan laj majorite a otomatikman eksepte nan kèk sikonstans limite.

Sou Titèl (Guardianship) VS. Asistans pou Pran Desizyon

Sou-Titèl (Guardianship) se yon pwoesisis legal kote tribinal la nonmen yon moun oswa yon ajans pou pran desizyon nan non yon lòt moun, epi li se fòm pwoteksyon legal ki pi restren pou yon moun. Nòmalman, moun ki gen andikap sante mantal, entelektyèl, oswa medikal ki tèlman grav ke yo pa ka pran desizyon an konesans de koz pou tèt yo ap ranpli kritè yo pou Titèl. Nan Maryland, gen yon nouvo lwa kounye a pèmèt granmoun yo sèvi ak desizyon asiste pou jwenn sipò pou konprann, konsidere epi pran desizyon pou tèt yo. Desizyon asiste ede moun yo kenbe dwa yo epi yo gen plis kontwòl ak chwa sou lavi yo.





Gradyasyon

Gradyasyon nan lekòl segondè se yon etap enpòtan nan lavi chak elèv. Nan Maryland, yon elèv ka resevwa yon Diplòm Lekòl Segondè Maryland si li ranpli kondisyon enskripsyon, kredi, ak sèvis yo. Yon elèv ki gen andikap ki pa ka ranpli kondisyon pou yon diplòm ka resevwa Sètifikasi Fen Pwogram nan Lekòl Segondè Maryland lan si ekip IEP a detèmine nòm sa yo ki endike nan Kòd Anote Maryland lan yo respekte. Yo pa pran desizyon final pou akòde yon Sètifikasi Fini Pwogram nan Lekòl Segondè Maryland bay yon elèv ki gen andikap toutan elèv la pa rive nan dènye ane lekòl segondè li.

Rezime sou Pèfòmans nan Maryland (MSOP)

Rezime sou Pèfòmans nan Maryland lan se yon rapò sou yon elèv ki bay enfòmasyon sou:

- Rezulta akademik nan nivo segondè;
- Pèfòmans fonksyonèl;
- Adaptasyon; ak
- Pwogrè nan objektif, sèvis, ak aktivite apre lekòl segondè yo.

Elèv yo, fanmi yo, ak ekip IEP yo ka itilize enfòmasyon ki nan rapò sa a pou yo analize pwogrè a, epi pran desizyon pandan tout pwosesis planifikasyon tranzisyon an epi pandan elèv la ap kite lekòl la pou ale nan aktivite apre lekòl segondè yo. MSOP a ka bay posib anplwayè yo, enstitisyon pou edikasyon apre lekòl segondè yo, ak founisè sèvis pou granmoun yo enfòmasyon enpòtan sou konpetans, fòs ak sipò jèn adilt yo ka bezwen.

Lyen ak Ajan

Dwa vs. Elijiblite-Ki Diferans ki Genyen?

Elèv ki elijib pou sèvis edikasyon espesyal nan Maryland yo gen dwa pou resevwa sèvis sa yo jiskaske yo gradye ak yon diplòm lekòl segondè oswa nan ane lekòl kote yo vin gen 21 an, si ane lekòl la kòmanse anvan venteyinyèm anivèsè nesans yo. Kounye a moun nan dwe aplike pou sèvis pou granmoun pou wè si yo kalifye pou resevwa yo. Elijiblite pou sèvis pou granmoun se pa yon dwa epi aksè a sèvis yo pa garanti. Dwe gen fon disponib pou resevwa sèvis ak sipò nan men ajans sèvis pou granmoun yo. Se poutèt sa, li enpòtan pou kòmanse pwosesis aplikasyon an byen bonè pou detèmine si ajans lan kalifye.



Ajans Sèvis pou Granmoun yo nan Maryland

Tablo ki anba a idantifye kat ajans eta yo ki ka bay sèvis oswa sipò pou moun ki elijib nan Maryland. Chak ajans gen kritè kalifikasyon espesifik ki dwe ranpli pou resevwa sèvis yo. Tanpri kontakte ajans ki apwopriye a si ou gen kesyon konsènan sèvis oswa pwosesis elijiblite yo.

Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (DORS)

Divizyon Sèvis Reyabilitasyon nan Maryland (DORS) ofri pwogram ki ede moun ki gen andikap ai travay, rete nan travay la, oswa prepare pou mond travay la. DORS ede elèv lekòl segondè, etidyan kolèj, ak elèv ki nan lòt pwogram apwouve lè li bay oswa fè aranjman pou sèvis ki ka gen ladan konsèy sou karyè, teknoloji asistans, fòmasyon pwofesyonèl ak/oswa asistans pou plasman nan travay.

Pou plis enfòmasyon vizite: <https://dors.maryland.gov/Pages/default.aspx>

Administrasyon pou Andikap nan Developman (DDA)

DDA bay yon sistèm librezon sèvis kowòdone pou ke moun ki gen andikap devlòpmantal yo resevwa sèvis apwopriye ki oryante nan objektif yon entegrasyon konplè nan kominote yo, ki gen ladan jwenn ak kenbe travay entegre konpetitif. Sistèm librezon sèvis kominotè DDA a gen ladann divès kalite sèvis ak sipò a domisil ak kominotè pou moun ki elijib yo, swa atravè yon Plan Medicaid pou Eta, pwogram Egzansyon oswa atravè sèvis DDA Eta finanse.

Pou plis enfòmasyon sou DDA a: <https://dda.health.maryland.gov/Pages/dda.aspx>

Administrasyon pou Andikap nan Developman (BHA)

BHA fè pati Depatman Sante Maryland lan(MDH) ki sèvi moun ki gen maladi mantal ak/oswa pwoblèm ak alkòl ak itilizasyon dwòg. Atravè ajans lokal li yo, yo rele Administrasyon Konpòtmantal Lokal (LBHA) oswa Ajans Sèvis Debaz (CSA), BHA finanse ak administre pwogram ki gen ladan men pa sèlman: swen sikiyatrik pou pasyan ki entène, tretman rezidansyèl, swen woutin ak entansif pou pasyan ekstèn, sèvis kriz, sèvis reyabilitasyon, sipò fanmi, sibvansyon pou lojman ak sipò nan travay pou moun ki gen maladi mantal. Pwogram ki espesyalman pou jèn ki gen laj tranzisyon yo disponib nan kèk rejon.

Pou plis enfòmasyon sou BHA a: <https://bha.health.maryland.gov/pages/index.aspx>

Biwo Developman Mendèv ak Aprantisaj Adilt, Depatman Travay nan Maryland (Maryland Labour)

Biwo Mendèv sou Divizyon Sèvis Developman Jèn nan Depatman Travay Maryland lan bay pwogram ak sèvis pou ede jèn adilt yo atenn objektif edikasyonèl ak travay. Atravè Sant lokal America's Job ak Komite Envestisman nan Mendèv Maryland Labor lan, Maryland Labor bay konsiltasyon karyè, fòmasyon, aksè nan òdinatè, ak lòt sèvis sipò. Maryland Labor, an konjonksyon avèk Sant Travay Ameriken yo, bay yon seri sèvis travay, epi konekte kliyan yo ak opòtinite sou fòmasyon, ak edikasyon ki gen rapò ak travay atravè finansman Lwa sou Inovasyon ak Opòtinite Travayè (WIOA).

Pou plis enfòmasyon sou Travay nan Maryland <http://labor.maryland.gov>

Delè pou **Tranzisyon Segondè**

LAJ 14 - 15

Fanmi yo ka prepare elèv yo pou lavi apre lekòl segondè lè yo konsidere bagay sa yo:

- Mete epi kenbe gwo atant
- Diskite sou rezulta evalyasyon tranzisyon yo ak elèv ou a
- Diskite sou objektif ak opsyon apre lekòl segondè yo
- Pataje fòs ak bezwen elèv ou a pou reyalize objektif li yo
- Bay enfòmasyon sou vizyon fanmi an pou lavni
- Bay opòtinite pou eksplore enterè pwofesyonèl yo
- Bay opòtinite pou pratique defans pèsonèl, jesyon tan, ak konpetans pou pran desizyon
- Patisipe nan atelye sou tranzisyon, reyinyon IEP, ak konferans yo
- Prepare elèv ou a pou ale epi patisipe nan reyinyon IEP yo
- Ede devlope ak pratique kominikasyon ak konpetans sosyal pou travay, edikasyon, ak anviwònman rekreyasyon yo
- Kenbe dosye sou sèvis ak aktivite ki gen rapò ak tranzisyon yo
- Konprann andikap, dwa ak responsablite elèv ou a
- Gide elèv ou a pou konprann andikap li a ak fòs li
- Bay opòtinite pou pran desizyon gide
- Diskite sou Sèvis Tranzisyon Pre-Anplwa (PreETS) ak elèv ou a ak ekip IEP a
- Aplike nan DDA pou detèmine kalifikasyon pou sèvis yo

LAJ 16 - 17

Lòt konsiderasyon pou gwoup laj sa a ka enkli:

- Revize kondisyon pou gradyasyon yo ak pwogrè, ki gen ladan prezans, nòt, ak kondisyon pou sèvis kominotè yo
- Idantifye zouti teknoloji asistans ki ka ogmante eksperyans edikasyon yo, opòtinite travay yo ak patisipasyon nan kominote a
- Idantifye sèvis ak pwogram kominotè yo
- Rankontre ak ajans kominotè yo pou w enfòme sou kalifikasyon pou sèvis yo pandan w nan lekòl segondè ak apre gradyasyon
- Rasanble enfòmasyon sou pwogram apre lekòl segondè yo ak sèvis sipò yo
- Siyen konsantman pou ekip IEP a kominike ak ajans ki ka bay sèvis yo
- Sipòte elèv ou a nan eksplorasyon ak patisipasyon nan opòtinite travay yo
- Diskite sou laj majorite a ak elèv ou a
- Eksplore titèl ak asistans pou pran desizyon
- Diskite sou opsyon pou transpò yo apre gradyasyon
- Ankouraje ak pratique konpetans sou endepandan tankou jesyon lajan, lavi an sante, ak otonomi
- Diskite sou fason aprantisaj ap kontinye apre gradyasyon
- Gade Rezime sou Pèfòmans Maryland lan ak pwogrè elèv ou a nan objektif li yo
- Aplike nan DORS, BHA, ak MDL, jan sa awopriye, epi lè li kalifye

LAJ 17 - 18

Lòt konsiderasyon pou gwoup laj sa a ka enkli:

- Diskite sou pwogrè nan kad gradyasyon
- Diskite sou ki lè pou w enskri pou vote epi, si se yon gason, enskri nan Sèvis Selektif
- Gide epi sipòte aksè nan sèvis pou granmoun yo
- Pèmèt elèv ou a pran desizyon, pran responsabilite, epi aprann nan erè yo
- Diskite sou patisipasyon nan opòtinite aprantisaj ki baze sou travay tankou estaj, aprantisaj, ak pwogram edikasyon pwofesyonèl ak teknologik
- Fè swiv sou referans ak aplikasyon ajans lan pou sèvis pou granmoun yo
- Pwogramme yon reyinyon pou diskite sou sipò ak avantaj tankou Sekirite Sosyal ak Revni Siplemantè sou Sekirite (SSI), edikasyon siperyè oswa sèvis sipò lekòl teknik ak èd finansye
- Siyen konsantman pou envite ajans ki ka bay sèvis apre gradyasyon yo nan reyinyon IEP a
- Vizite lekòl ki vin apre lekòl segondè yo ak elèv ou a
- Ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elèv la (FAFSA), si sa apwopriye
- Rankontre ak konseye DORS la pou diskite ak planifye pou sèvis apre lekòl yo
- konsilte epi jwenn yon kopi final Rezime sou Pèfòmans Maryland elèv ou a
- Gide elèv ou a pou l ranpli aplikasyon pou kolèj ak travay apre lekòl segondè
- Ankouraje elèv ou a pou l enskri nan kolèj ak egzamen sèvis ame, si sa apwopriye
- Aplike nan DORS, BHA, ak MDL, jan sa apwopriye, epi lè li kalifye

LAJ 18 - 21

Lòt konsiderasyon pou gwoup laj sa a ka enkli:

- Rankontre ak ekip IEP a pou diskite sou pwogram tranzisyon lekòl segondè yo nan anviwònman ki apwopriye pou laj yo, tankou yon kanpis kolèj
- Ankouraje enskripsyon ak patisipasyon enklizif nan klas ki sipòte akonplisman objektif apre lekòl yo
- Sipòte patisipasyon nan travay kominotè ak eksperyans aprantisaj yo
- Bay opòtinite pou aprann ak pratike opsyon pou transpò yo
- Idantifye sipò ki nesesè apre lekòl segondè
- Verifye kalifikasyon pou sèvis pou granmoun yo
- Rankontre ak Kowòdinasyon Sèvis Kominotè DDA yo pou ede w ak tranzisyon nan sèvis pou granmoun yo
- Sipòte elèv ou a nan aplikasyon I pou sèvis SSI, Asistans Medikal ak Paratranzit
- Diskite sou andòsman Sètifica Fen Pwogram Maryland lan ki kòmanse nan ane eskolè 2024 la ak ekip IEP a, si sa apwopriye
- Aplike nan DORS, BHA, ak MDL, jan sa apwopriye, epi lè li kalifye



10 Bagay ki pi Enpòtan

Paran Yo Ka Fè pou Ede Prepare Tranzisyon Segondè pou Pitit Yo a

1 Konprann andikap jèn ou an. Ou gendwa konnen jèn ou an, men èske w konnen ki jan andikap jèn ou an afekte l espesyalman nan domèn aprantisaj, komunikasyon oswa mobilite? Pandan planifikasyon tranzisyon an, chèche pi byen konprann andikap jèn ou a ak kijan li ka afekte kontinuite edikasyon l apre segondè, travay li, oswa lavi endepandan l.

2 Ankouraje jèn ou an kreye yon vizyon sou avni li. Ede jèn yo chache opsyon pou l reyalize vizyon sa a epi elaji baz eksperyans li. Sa pral pèmèt jèn ou an ankadre pwoesisis planifikasyon tranzisyon an pandan y ap gen libète pou chanje kou si sa nesesè.

3 Ede jèn yo konprann vizyon yo ka reyalize. Jèn yo pran egzamp sou paran yo pou yo konnen sa pou yo atann de tèt yo. Fè jèn ou an konprann plan tranzisyon IEP a se yon chemen pou li reyalize vizyon li ak atenn objektif li.

4 Fè yon fason pou jèn ou an genyen gwo atant. Ou ka genyen gwo atant jèn ou an kapab reyalize maksimòm nan kapasite li. Ou bezwen defann yon IEP ak yon plan tranzisyon ki reflete atant sa yo. Si ou genyen yon ti kal atant pou avni jèn ou an, lòt moun ka fè menm bagay la.

5 Pataje sa ou konnen sou jèn ou a lè w kominike pwen fò l, enterè l, ak bezwen l pandan reyinyon IEP yo. Pwofesè yo apresye kalite enfòmasyon sa yo ki soti nan paran yo paske li ede bay detay egzamen ak obsèvasyon lekòl la pa kapab. Enfòmasyon sa a ka ede ekip IEP a tou evite desizyon akademik ak sèvis ki pa adrese enterè yon elèv oswa domèn bezwen l.



6

Kenbe dosye edikasyon esansyèl pandan tout edikasyon jèn ou an. Paran yo ta dwe kenbe dosye enpòtan yo nan yon fason òganize pou itilize pou planifikasyon edikasyon espesyal, tankou kanè, dokiman IEP aktyèl ak sa k sot pase yo, ak rapò rezime evalyasyon yo.

7

Bati konfyans nan tèt ou ak otodetèminasyon nan jèn ou an lè w sèvi avèk pwosesis IEP a. Ede li jwenn yon fason efikas pou l eksprime li. Yo ka pale nan reyinyon IEP a oswa fè yon vidyeo oubyen yon prezantasyon PowerPoint ki pale de yo.

8

Ede jèn ou an devlope endependans nan aprantisaj, etidye, ak kapasite pou viv. Karakteristik pozitif, tankou anvi aprann nouvo bagay, jere tan efikasman, ak pran responsabilite pou fè yon bon travay ap sèvi jèn yo byen lè li rive nan travay, edikasyon apre segondè ak patisipasyon nan kominate a.

9

Konprann enpak "konpetans ki pa teknik" sou siksè travay ak edikasyon epi sèvi ak aktivite nan kay la pou devlope konpetans sa yo. Konpetans ki pa teknik, komunikasyon pèsònèl, ak responsabilite se zouti tout moun bezwen pou gen siksè. Aprann jèn ou an kijan pou li kominike yon fason ki awopriye ak lòt moun, kenbe aparans pèsònèl li, pran direksyon travay, ak rezoud konfli.

10

Ede idantifye sipò kominotè potansyèl ak opòtinite travay pou jèn ou an. Sa a ka gen ladan asistans travay nan men Divizyon Sèvis Reyabilitasyon, sipò pou edikasyon apre segondè yo jwenn nan Biwo Sèvis pou Elèv Andikape yon kolèj, oswa konpetans pou lavi endependan yon òganizasyon kominotè anseye. Paran yo ta dwe abitye ak opsyon ki disponib yo, epi mande reprezantan sèvis sa yo pou yo prezan nan reyinyon IEP a, oswa pou bay ekip la enfòmasyon yo.

*Adapte ak PACER lan "Yon gid pou prepare ptit ou ki gen yon andikap pou lavi apre lekòl segondè."



Resous

Resewwa Tranzisyon

www.gotransition.org/

Resewwa Tranzisyon se yon sant resous nasyonal finanse federal sou tranzisyon swen sante ak objektif pou amelyore tranzisyon soti nan swen sante pedyatri ak granmoun. Yo enkli zouti, resous ak enfòmasyon pou jèn adilt yo, fanmi yo ak moun k ap bay swen yo pou prepare yo pou yon tranzisyon san pwoblèm nan swen sante adilt yo.

Konsèy Maryland sou Twoub Developman: Sipò pou pran desizyon

www.md-council.org/did-you-know-a-new-supported-decision-making-bill-just-passed-in-maryland/

Atik sa a sèvi ak langaj klè pou eksplike lwa Maryland sou Sipò pou Pran Desizyon ki pèmèt granmoun yo sèvi ak sipò pou pran desizyon pou resevwa sipò adilt epi pran pwòp desizyon pa yo.

Maryland MTA Pwogram Tarif Redui pou moun ki gen Andikap

www.mta.maryland.gov/disability-reduced-fare-program

Administrasyon Tranzit Maryland (MTA) eksplike kalifikasyon pou Pwogram Tarif Redui pou moun ki gen andikap yo. Y ap jwenn yon aplikasyon sou Entènèt sou paj Fòmilè yo anba Tarif Redui.

Maryland MTA MobilityLink

www.mta.maryland.gov/mobility

MTA MobilityLink se yon pwogram paratranzit pou moun ki gen andikap ki pa kapab itilize sistèm wout fiks MTA. Gen yon lyen pou ranpli aplikasyon an ak yon gid pou sèvis paratranzit ki enkli.

Depatman Edikasyon Eta Maryland Gid

Planifikasyon Tranzisyon Segondè pou Moun ki Andikape yoelevates.marylandpublicschools.org/secondary-transition-planning-guide/

Gid sa a bay elèv, paran/gadyen, edikatè, ak ajans kominotè enfòmasyon sou pwosesis tranzisyon segondè a. Yo enkli egzijans legal, estrateji, ak resous ki gen rapò ak eleman planifikasyon tranzisyon segondè yo. Gen yon lyen pou jwenn aksè ak gid-la nan 20 lòt lang.

Sant Nasyonal pou Edikasyon Segondè ak Tranzisyon

www.ncset.org/

Sant Nasyonal pou Edikasyon Segondè ak Tranzisyon (NCSET) te etabli pou kreye opòtinite pou jèn ki gen andikap pou yo rive jwenn bon rezulta adilt. Sitwèb la bay resous pou sipòte sijè tranzisyon segondè pou edikatè, fanmi yo ak elèv yo.



Kolaborasyon Nasyonal sou Mendèv ak Andikapyouth.gov/federal-links/national-collaborative-workforce-and-disability

Sitwèb sa a se yon sous enfòmasyon sou sijè ki gen rapò ak tranzisyon yon elèv nan lavi adilt ak defi fanmi yo ak jèn adilt yo souvan rankontre. Gen lyen ki mennen nan yon varyete sijè espesifik pou jèn ki gen andikap pou sipòte elèv ak fanmi jèn ki gen laj tranzisyon.

Sant Nasyonal Asistans Teknik Tranzisyon Segondè

www.nsttac.org

Sitwèb la bay zouti ak resous pou pwofesè, paran, ak elèv k ap nавige nan tout domèn tranzisyon segondè. Yo enkli lyen entèaktif pou sipòte planifikasyon tranzisyon an.

Sant PACER Sant Nasyonal Paran sou Tranzisyon ak Travay

www.pacer.org/tatra

Sant PACER bay enfòmasyon, resous, ak asistans teknik sou sijè ki gen rapò ak tranzisyon bay paran jèn adilt ki gen andikap, ki gen laj 14 jiska 21 an. Sitwèb fasil-a-tilize sa a bay resous ak konsèy paran yo kreye pou adrese kesyon ak enkyetid ki soti nan lantiy paran yo.

Think College

www.thinkcollege.net

Think College se yon òganizasyon nasyonal ki dedye a devlope, agrandi, ak amelyore opsyon edikasyon siperyè enklizif pou elèv ki gen yon andikap entelektyèl. Sitwèb la bay elèv yo ak fanmi yo enfòmasyon pou yo reponn kesyon konsènan opsyon kolèj, kijan pou prepare yo pou kolèj, ak pwosesis admisyon an.



Glosè Segondè Règleman Tranzisyon

Akomodasyon

Yon sèvis oswa sipò ki gen rapò ak andikap yon elèv ki pèmèt aksè konplè ak yon demonstrasyon egzat nan konesans san yo pa egzije yon chanjman fondamantal nan nòm oswa atant nan travay la.

Sèvis pou granmoun yo

Sèvis ki nesesè pou moun lè yo rive granmoun; souvan enkli, men pa limite a, èd pou jwenn yon travay, asistans nan kay la, asistans nan travay, sipò ki gen rapò ak travay tankou lojman ak transpò, ak livrezon divès terapi oswa medikaman.

Laj Apwopriye pou Evalyasyon Tranzisyon

Pwosesis kontinyèl pou kolekte done sou bezwen, preferans, ak enterè elèv la jan yo gen rapò ak egzijans travay aktyèl ak pwochen, edikasyon, lavi, ak anviwònman pèsonèl ak sosyal.

Laj Majorite

Laj yo defini legalman kote yon moun konsidere tankou adilt, ak tout dwa ak responsablite ki genyen nan lavi adilt la. Sa se 18 lane nan Maryland.

Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (ADA)

Lejislasyon federal anti-diskriminasyon sou andikap ki garanti dwa sivil debaz pou moun ki gen andikap. Sa a sanble ak sa yo bay moun yo sou baz ras, sèks, orijin nasyonal ak reliyion. Li garanti opòtinite egal pou moun ki andikape yo nan domèn travay, transpò, sèvis gouvènman, elatriye.

Aprantisaj nan Maryland

Aprantisaj nan Maryland se yon pwogram aprantisaj jèn pou elèv ki gen 16 lane oswa plis. Li fèt pou mennen nan travay dirab ak

plis edikasyon ki baze sou chemen karyè nan fabrikasyon ak Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik (STEM) okipasyon oswa lòt okipasyon nan CTE ansanb karyè yo.

Aparèy Teknoloji Asistans (AT)

Nenpòt atik, pyès ekipman, oswa sistèm pwodwi, kit yo achte komèsyalman, modifie oswa pèsonalize, ki ogmante, kenbe, oswa amelyore kapasite fonksyonèl moun ki gen andikap.

Karyè ak Edikasyon Teknik (CTE)

Yon sekans kou ki bay elèv yo konpetans akademik ak teknik, konesans ak fòmasyon ki nesesè pou yo reyiși nan karyè nan avni epi vin konpetan nan konesans ak ladrès teknik ki enpòtan.

Eksplorasyon Karyè

Pwosesis pandan elèv ki gen andikap yo eksplorie opsyon karyè epi patisipe nan yon varyete evalyasyon ak aktivite ki ka ede elèv yo idantifye enterè, konpetans, ak talan inik yo

Enstriksyon ki Baze sou Kominote

Entegre elèv yo nan kominote yo kòm yon pati nan kourikoulòm edikasyon yo ak enstriksyon yo.

Sèvis ki Baze sou Kominote

Sèvis yo bay nan yon anviwònman kominotè, de preferans nan kominote lakay moun nan.

Travay Konpetitif

Travay swa aplentan oswa a tan pasyèl pou omwen salè minimòm oswa yon pèman ekivalan apre li fin kite lekòl segondè nan: (a) yon anviwònman travay konpetitif entegre (b) militè (c) yon anviwònman travay ki sipòte nan kominote a (d) biznis fanmi (egzanp, fèm) (e) travay endepandan.

Pwogram Etid

Yon deskripsiyon plizyè ane sou travay kou ki nesesè pou reyalize objektif elèv la vle apre lekòl la.

Konpetans pou Lavi Chak Jou

Konpetans ki nesesè pou woutin chak jou; sa vle di, manje, abiye, lave, pran swen ijyèn, twalèt.

Konpetans Lavi Fonksyonèl

Konpetans ki nesesè pou viv endependan otan sa posib. Egzanp gen ladan I konpetans sosyal, komunikasyon, konpòtman ak konpetans sekirite.

Evalyasyon Pwofesyonèl Fonksyonèl

Evalyasyon pou detèmine fòs, kapasite, ak bezwen yon elèv nan yon anviwònman travay aktyèl oswa simulation oswa nan eksperyans echantyon travay reyèl.

Konpetans pou viv endependan

Konpetans oswa travay ki kontribye nan siksè fonksyonman yon adilt endependan. Yo ka adrese lwazi, antretyen kay ak swen pèsonèl, ak patisipasyon kominote a.

Plan Endividyle pou Travay (IPE)

Yon dokiman legal ki dekri yon plan ki mennen yon moun ki andikape nan yon travay konpetitif. Sèvis Divizyon Reyabilitasyon yo itilize li.

Travay Entegre oswa Sipòte

Yon anviwònman travay kote yon moun ki gen yon andikap resevwa sipò ki nesesè pou aprann epi kenbe travay li.

Envantè Enterè

Yon zouti oto-evalyasyon yo itilize nan planifikasyon karyè ki matche ak enterè, renmen, ak pa renmen yon moun ak aktivite ak opsyon karyè posib.

Analiz Travay

Identifikasiyon travay espesifik ak sou-travay ki enplike nan ranpli yon travay espesifik.

Travay Antrenè

Moun ki ede yon moun pou ede yo aprann oswa kenbe yon travay; ka gen ladan fòmasyon ak sipò nan sit travay la.

Echantyon Travay

Bay moun ki gen andikap yo opòtinite pou yo "eseye men yo" nan yon varyete travay pou detèmine sa yo ka bon ladan yo selon konpetans ak enterè moun nan.

Obsèvasyon Fonksyonman Travay

Eksploré diferan okipasyon ak kalite anviwònman travay lè w swiv epi gade moun k ap fè travay yo.

Konpetans Lavi

Nenpòt konpetans yo itilize pou jere yon kay, kwit manje, achte, jere finans, ak òganize anviwònman k ap viv pèsonèl.

Mantora

Yon relasyon sipò ant yon jèn oswa yon jèn adilt ak yon moun ki gen plis laj ak eksperyans ki ofri sipò, konsèy, ak asistans.

Konpetans Mobilite

Kapasite pou vwayaje san danje soti yon kote pou ale nan yon lòt.

Fòmasyon nan Travay la

Konesans ak konpetans yon moun akeri pandan li nan espas travay la, fè kèk aktivite ki gen rapò ak yon pozisyon ki egziste deja.

Travay pou Lajan

Yon moun k ap travay pou yon lòt moun oswa yon biznis pou lajan.

Planifikasyon ki Santre sou Moun

Yon pwosesis ki pèmèt moun ki gen andikap yo planifye lavi yo, jwenn vwa yo ak travay pou atenn objektif yo. Li konsantre sou fòs yo ak preferans yo.

Defans Pèsonèl

Konprann andikap yon moun, konsyan de fòs ak feblès ki soti nan andikap yo, epi yo kapab eksplike bezwen yo pou akomodasyon espesifik. Defans pèsonèl se kapasite yon moun pou l pale pou bezwen ak preferans li.



E si mwen gen kesyon oswa Bezwen èd?

KOWÒDONATÈ LOKAL SÈVIS SIPÒ POU FANMI YO

SISTÈM LEKÒL LOKAL	DAT NESANS JISKA 5 LANE	LAJ SOTI 5 RIVE 21 LANE
Allegany	240-920-6829	240-920-6829
Anne Arundel	410-424-3270	410-424-3258
Baltimore City	410-396-1666	443-642-3848
Konte Baltimore	443-809-9696	443-809-5443
Calvert	443-550-8406	443-550-8375
Caroline	410-479-3609	410-479-3609
Carroll	410-751-3955	410-751-3955
Cecil	410-996-6230	410-996-6230
Charles	301-934-7456	301-934-7456
Dorchester	410-901-6915	410-901-6915
Frederick	240-578-1244	240-236-8744
Garrett	301-914-1351	301-914-1351
Harford	410-273-5579	410-273-5579
Howard	410-313-7161	410-313-7161
Kent	410-778-5708	410-778-5708
Montgomery	240-777-4809	240-753-9487
Prince George's	240-521-5054	301-431-5675
Queen Anne's	410-758-2403, x135	410-758-2403, x135
Somerset	410-651-1616, x11385	410-651-1616, x11385
St. Mary's	301-475-5511, x32218	240-309-4113
Talbot	410-822-0330	410-822-0330
Washington	301-766-8221	301-766-8221
Wicomico	410-677-5250	410-677-5250
Worcester	410-632-5234	410-632-5234
Lekòl pou Avèg Maryland	410-444-5000, x1489	
Lekòl pou Moun Soud Maryland	443-277-8899	
Depatman Edikasyon Eta Maryland	410-767-0255	

DEPATMAN EDIKASYON ETA MARYLAND

Mohammed Choudhury

Sipèntandan Lekòl Eta a

Dr. Deann Collins

Sipèntandan Adjwen pou Biwo Ansèyman ak Aprantisaj

Clarence C. Crawford

Prezidan, Konsèy Edikasyon Eta Maryland

Wes Moore

Gouvènè

© 2023 Depatman Edikasyon Eta Maryland

Depatman Edikasyon Eta Maryland, Divizyon Entèvansyon Rapid ak Sèvis Edikasyon Espesyal te devlope publikasyon sa a ak lajan ki soti nan peyi Etazini. Depatman Edikasyon, Sibvansyon #H393A090124A, Sibvansyon Edikasyon Espesyal pou Tibebe ak Fanmi "Fon Rekovrem" dapre PL 105-17/111-5 Lwa sou Edikasyon Moun Andikape/Lwa Ameriken pou Rekiperasyon ak Reinvestisman. Depatman Edikasyon Eta Maryland, Divizyon Entèvansyon Rapid ak Sèvis Edikasyon Espesyal se ajans dirijan pou Pwogram Tibebe ak Timoun Piti nan Maryland, pwogram sèvis ak sipò nan tout eta a ki kowòdone pa Leta ak ajans lokal ak òganizasyon yo. Itilizatè ki kopye oswa pataje enfòmasyon ki nan publikasyon sa a dwe site Depatman Edikasyon Eta Maryland, Divizyon Entèvansyon Rapid ak Sèvis Edikasyon Espesyal, Dr. Deann Collins, Sipèntandan Adjwen pou Biwo Ansèyman ak Aprantisaj kòm sous li.



410-767-0100



www.marylandpublicschools.org



200 West Baltimore Street
Baltimore, MD 21201-2595

